

Nim. 202.95

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order, EO 202) pou deklare yon eta ijans akòz katastwòf pou tout Eta New York; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa ak kèlkeswa direktiv yo, sòf si yo ranplase yo, modifye yo oswa yo otreman ekspire, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 lan ak chak Dekrè Egzekitif ki vini apre 202 a, pou trant jou jiska 24 mas 2021,

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak otorite lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti nan dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 24 mas 2021:

- Yon pwofesè ki se anplwaye nan yon lekòl (ke li piblik ke li pa piblik) oswa distrik lekòl P-12 dwe rapòte lekòl oswa distrik lekòl ki anplwaye li an li resevwa yon vaksen COVID-19 sou demann distrik la nan objektif fè rapò bay Depatman Sante a (Department of Health) sèlman. Pa gen anyen nan direktiv sa a yo dwe li kòm kwa li egzijè pou yon pwofesè resevwa vaksen COVID-19 la.
- Kòmanse nan dat mèkredi 24 fevriye 2021 epi chak vandredi apre sa, chak lekòl ak distrik lekòl dwe rapòte bay Depatman Sante a, chak semèn, sou yon fòm ak nan yon manyè Depatman an ap deside, kantite vaksinasyon COVID-19 ki fèt nan semèn pase a, epitou kantite ak pousantaj pwofesè ki anseye elèv an pèsonn pandan semèn pase a. Rapò chak semèn sa a dwe gen ladan tout lòt eleman done Komisè Sante a deside ki apwopriye pou retrace ansèyman an pèsonn nan lekòl ak distrik lekòl sa yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil  
Albany nan venndezyèm jou mwa fevriye nan  
ane de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a